

# KESSYON / REPONS

## Kiyès ki etidyan etranje ?

Yon moun ki enskri tan plen nan yon pwogram inivèsitè oubyen kolejyal «Ministère de l'Éducation et de l'Enseignement supérieur» a rekonèt. Etidyan etranje ki swete pwolonje sejou l pou l ka fin etidye apre dat ekspirasyon ki sou **pèmi etid** li a dwe mande pwolongasyon pèmi an.

## Kiyès ki travayè tanporè?

Yon moun ki jwenn **pèmi travay**. Travayè tanporè ki swete pwolonje peryòd travay li apre dat ekspirasyon ki sou **pèmi travay** la dwe mande pwolongasyon oubyen renouvèlman pèmi travay la.

## Èske m ka vin rezidan pèmanan?

**WI.** Li posib pou yon travayè tanporè oubyen yon nouvo diplome fè yon demann rezidans pèmanan nan **kategori ekperyans kanadyen**.

## LAJISTIS

### Èske m ka konsilte yon avoka gratis si m gen yon pwoblèm jiridik?

**WI.** Si yon moun admisib pou **èd jiridik** dapre revni li, epi si li rete o Kebèk, **kèlkeswa estati imigrasyon li**.

Sèvis ki disponib yo se : dwa familyal, administratif, imigrasyon, jenn moun, kriminel, lojman, elatriye.

### Èske m gen dwa al nan tribinal si m gen yon pwoblèm avèk pwopriyete kay kote m rete a?

**WI.** «**Régie du logement**» ka ede w si gen yon «**bail**» ant lokatè a ak pwopriyete a. **Yo pa verifiye estati imigrasyon pou sa.**

Moun ki viktim diskriminasyon nan kesyon lojman ka pote plent nan « **Commission des droits de la personne et des droits de la jeunesse** » la.

Dokiman sa a bay enfòmasyon jeneral, se pa ni yon avè ni yon opinyon jiridik. Sistèm imigrasyon Kanada ak Kebèk konplike anpil; kèk fwa, sa ka mete w nan sitiyo tèt chaje. Li enpòtan anpil pou nou konsilte espesyalis pou ba nou bon jan esplikasyon sou bagay ki patikilye yo. Enfòmasyon ki nan dokiman sa a revize nan mwa me 2017.

**Pou plis enfòmasyon ak yon lis resous, konsilte gid nou fè pou entèvenan kominotè yo:** «**L'accès des personnes immigrantes et réfugiées à des mesures sociales au Québec**», ki disponib gratis sou : [www.servicesjuridiques.org](http://www.servicesjuridiques.org)

Nou vle remèsye «ministère de la Justice du Québec» (Fonds Accès Justice) pou èd finansyè yo. Opinyon ki nan dokiman sa a pa vrèman reprezante opinyon «ministère de la Justice du Québec».

Seri sa a disponib tou (an franse, angle, arab, chinwa senplifye, kreyòl ak espanyòl).

- Ou se demandè azil o Kebèk
- Ou se titilè pèmi sejou tanporè o Kebèk
- Ou se yon san papyè o Kebèk
- Ou se rezidan pèmanan o Kebèk
- Ou se refijye aksepté o Kebèk
- Kiritè rezidans
- Ou se refijye refize o Kebèk

Dépôt légal 2017  
Bibliothèque et Archives nationales du Québec  
Bibliothèque et Archives Canada

Être travailleur temporaire ou étudiant étranger au Québec

# OU SE TRAVAYÈ TANPORÈ OUBYEN ETIDYAN ETRANJE O KEBÈK

Konnen dwa w nan pwogram sosyal yo



### Èske pitit mwen ka ale lekòl?

**WI.** Pitit travayè tanporè ak etidyan etranje gen dwa al nan **lekòl piblik gratis** epi se yon obligasyon pou yo ale lekòl Kebèk.

### Èske m gen dwa pou m jwenn prestasyon pou timoun?

**WI.** Travayè tanporè ak etidyan etranje gen dwa pou jwenn **alokasyon kanadyen pou timoun** (federal) ak **soutyen pou timoun** (pwovensyal) depi sou 19èm mwa rezidans Kebèk.

Li ka admisib si l gen, nan moman demann nan, yon pèmi etid, yon pèmi travay, oubyen yon pwolongasyon.

### Èske m gen dwa pou m jwenn prestasyon gouvènman an si m fè yon timoun oubyen si m adopte yon timoun?

**WI.** Travayè tanporè ak etidyan etranje ki te travay nan 12 dènye mwa yo gen dwa pou jwenn prestasyon rejim kebekwa asirans parantal la (parantal, matènite, patènite, adopsyon).



### Èske m gen dwa pou m jwenn èd sosyal?

**WI,** apre yon sèten tan. Yon moun ki mande rezidans pèmanan kòm **travayè kalifye pa gen dwa pou jwenn prestasyon èd sosyal tousuit.** Paske l oblije vin Kanada avèk kòb, gouvènman an konsidere yon moun ki nan sitiyasyon sa a dwe tann 90 jou apre l fin rive o Kanada avan pou l gen dwa jwenn èd sosyal menm si l pa gen lajan ankò avan delè sa a.

Egzijans finasye sa a pa konsènen travayè ki te gen yon òf anplwa rezève pou yo, oubyen k ap travay deja, oubyen ki gen otorizasyon travay o Kanada.

Jeneralman, **Etidyan etranje** yo ak **moun ki gen pèmi travay** pa admisib pou jwenn èd sosyal.

### Èske m gen dwa pou m jwenn konpansasyon si m viktim yon zak kriminèl?

**WI.** Pwogram endamnizasyon viktim zak kriminèl yo (IVAC an franse) **pa baze sou estati imigrasyon viktim nan** pou evalye admisibilite l pou ba li prestasyon yo.

### Èske m gen dwa pou m jwen konpansasyon finansyè si m viktim nan yon aksidan machin?

**WI.** Pwogram Sosyete Asirans Otomobil Kebèk la (SAAQ an franse) la kouvri tout moun ki gen **rezidans legal,** kidonk, travayè tanporè ak etidyan etranje yo tou, pou aksidan ki fèt anndan tankou deyò Kebèk, san yo pa bezwen konnen kòz aksidan an.



### Èske m gen dwa pou m jwenn swen sante ak medikaman gratis?

**SA DEPAN.** Travayè tanporè ak sezonye avèk pèmi travay 6 mwa pou pi piti pou yon anplwayè espesifik (pèmi fèmen) gen dwa pou jwenn asirans maladi (men pa asirans medikaman) apre 3 mwa atant. Travayè sa yo, madanm yo ak moun ki sou kont yo ap gen dwa jwenn swen sante gratis men pa medikaman gratis.

Travayè sezonye ki nan **Pwogram federal pou travayè agrikòl sezonye Antiy yo oubyen Meksik** gen dwa pou jwenn asirans maladi (men pa asirans medikaman) san yo pa bezwen tann delè atant 3 mwa a.

Jeneralman, **etidyan etranje** yo pa admisib pou jwenn asirans maladi ni medikaman Kebèk la. Moun ki gen bous etid oubyen nan estaj nan kad yon pwogram ofisyèl ministè edikasyon ak ansèyman siperyè gen dwa pou jwenn asirans maladi (men pa asirans medikaman).

Etidyan etranje ki enskri nan yon pwogram pòs-segondè pou tan plen ak travayè tanporè ki soti nan peyi ki gen antant sekirite sosyal avèk Kebèk gen dwa nan asirans maladi (men pa asirans medikaman) san yo pa bezwen tann 3 mwa. Ou dwe kontakte «Régie de l'assurance maladie du Québec (RAMQ)» pou jwenn lis peyi sa yo.

Konsa, etidyan peyi tankou France ak Belgique gen dwa nan asirans maladi ak medikaman.



### Èske m ka travay kòm etidyan etranje?

**WI.** Avèk yon **pèmi etid valid,** Etidyan etranje ki enskri nan yon lekòl rekoni ka travay **sou kanpis la** ak **deyò kanpis la** san pèmi travay.

Pa gen yon maksimòm tan ou ka travay **sou kanpis la.**

**Deyò kanpis la,** fòk ou respekte yon maksimòm 20è pandan semèn pandan sesyon akademik la, apre sa, tan plen pandan peryòd vakans yo (pa egzanp, mwa desanm, ete, ak semèn relach).

### Èske m ka pote plent pou anplwayè mwen an si kondisyon travay mwen yo enjis?

**WI.** Komisyon ki responsab **nòm minimal travay la** (CNESST an franse) aksepte plent yo **kelkeswa estati imigrasyon travayè a.**

### Èske m gen dwa pou m jwenn yon konpansasyon finansyè apre yon aksidan travay ki anpeche m travay pou yon ti tan oubyen pou toutan?

**WI.** Komisyon ki responsab **nòm minimal travay la** (CNESST an franse) ap etidye demann etidyan etranje ki gen **pèmi etid valid** ak demann travayè tranporè ki gen **pèmi travay valid.**

### Èske m gen dwa pou m jwenn konpansasyon finansyè si m pèdi travay mwen?

**WI.** Travayè tanporè yo ki ap travay ak yon **pèmi travay valid** ak etidyan etranje ki gen **pèmi etid valid** admisib pou asirans anplwa gouvènman Kanada a bay. Pwogram sa a ap ranplase 55% revni anvan enpo.

Si demann asirans anplwa a aksepte, moun ki pèdi travay li a dwe disponib pou travay pandan tout peryòd li ap benefisyè prestasyon yo. Donk, li dwe gen yon **pèmi travay oubyen etid valid** oubyen l mande pou yo renouvle pèmi an.